Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник
12+ № 12 (9923) 31 март 2023 с. / Рузман 10 Рамазан 1444 с. / багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## Активалъул данделъиялда...

28 марталда, районалъул бетIерасул нухмалъиялда, тIобитIараб активалъул иргадулаб данделъиялда гIахьаллъана администрациялъул киналниги жавабиял хIалтIухъаби (заместителал, управлениябазул, отделазул начальникал), учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва росабазул бутIрул.

Гьениб бицана араб соналъ районалъул магIишатаз тIощел, гIи-боцIи гIезабиялда тIад гьабураб хIалтIул. Хункарбица абуна: *«Нилъеда лъала ахирияб заманалда тIабигIаталъулъ, гьава-бакъалъулъ ккарал хиса-басиял росдал магIишат цебетIезабулеллъун рукIинчIелъи. Халатбахъараб багIариялъ, цIадал рангутIиялъ, узухъда, гIезабулеб тIощалие, гIи-боцIиялъе зарал кьечIого букIинчIо. Гьелъухъ балагьичIого, кинал ресал ралагьунги, магIишатазе нухмалъулез, гьезул хIалтIухъабаз хIаракат бахъана, кIудияб зарал ккечIого, тIощел бакIарize ва гIи-боцIи камичIого букIинабизе. Гьеб рахъалъ гIезегIанал церетIеял рукIана «БагIараб Октябрь», «Гьудуллъи» СПКязда. Араб соналъ районалда гIезабулеб кинабниги продукциялъул къадар бахинабизе кколаан 3 млрд.262 млн. 756 азарго гъурущалде, гьеб бахана 3 млрд.263 млн.34 азаргоялде. Хурдул гIезариялъул план тIубазабуна 51000 гъур. цIикIкIун. Гьединго, гIи-боцIи гIезабиялъул-5 млн.752 азарго гъурущалъ цIикIкIун.*



Тадбиралъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана районалъул бетIерасул тIадкъаял тIуразариялъул баянал заманалда цогояб информациялъулгун (ЕИС) ишазе нухмалъи гьабулеб регионалияб (РСУД) системабазда лъеялда, 2022 соналъ росдал магIишатазул хIасилазда, экономикаялъулгун социалияб рахъал цебетIезабиялъул отделалъул хIисабкьеязда хурхарал суалал.

Районалъул бетIерас данделъиялъул байбихьиялда абуна: *«ТIадкъаял заманалда тIуразарунгутIи закон хвезабилъун ккола ва гьедин бегьуларо. Росабазул бутIрузда тIадаб буго жалго бетIергьанал ракьал хIалтIизариялъул суал халкквеялда букIинабизе ва гьел хIалтIизарулел гьечIезухъа нахъе росизе. Цоги, бакIазул магIишатаз росдал магIишаталъул управлениялде заманалда баянал кьунгутIиги бегьулеб иш гуро. Экономикаялъул рахъалги бахчуда бегьуларо. Даран-базаралъул чIахIиял объектал хъвай-хъваялда рукIинаризе ва гьезул хIалтIи рагьараблъун букIинабиялда тIад хIалтIизе ккола»*,-ян.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъазе яхъарай администрациялъул аппаратальe нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатовалъ гьениб бицана ЕИСалъул РСУДялъул системабазде учреждениябазгун организациябаз, бакIазул администрациябаз баянал кьеялда сверухъ бугеб ахIва-хIалалъул, гьеб суал тIубазабиялъулъ ругел гIунгутIабазулгун гIолел-гIоларел рахъазул, церетIезул ва цере чIарал масъалабазул.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав УСХялъул начальникасул заместитель Хункарби МухIамадхIабибовас, гIатIидгьабун ва цифрабаздалъун, данделъаразе баян кьуна араб соналъ росдал магIишатазда ккарал хIасилазул. Гьес

*Пачалихъалъ росдал магIишат цебетIезабиялъул рахъккевялъе (субсидиял, грантал ва гь.ц.) араб соналъ биччана 23 млн. 393 азарго гъур.,амма гьеб, гьелда цебесеб соналде данде ккун, 111 азарго гъурущалъ дагь букIана»,-ян.*

Жиндирго кIалъаялда Хункарбица тIадчIей гьабуна магIишатазда ккарал церетIеязда, гIолел-гIоларел рахъазда, дандчIварал захIмалъабазда ва цере чIарал масъалабазда.

Лъабабилеб суалалда тIасан кIалъай гьабурав экономикиябгун социалияб рахъал церетIезариялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас гьениб бицана 2022 соналъ районалъул бюджеталде налогазулгун (хайир щвеялъул, ГСМалъул акцизазул, УСНалъул, ЕСХНалъул, ракьул, буголъиялъул ва гь.ц.) гьел гурел хайиразул рачIиналъулъ букIараб ахIвал-хIалалъул, ккарал хиса-басиязул, дандчIварал захIмалъабазул ва жинца рагьулеб суалал тIуразариялъе гьаризесел ишазул.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

## АТКялъул хIисабкьеялда...

Дагъал церегIан къояз *«Казбек район»* муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул нухмалъиялда терроризмалде данде къеркьеялъул комиссиялъул данделъи тIобитIана.

Гьениб хал гьабиялде босун букIана рехсараб комиссиялъ 2022 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьей ва гьаб соналъул хIалтIул план.

Данделъиялде босараб суалалда тIасан кIалъай гьабуна жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас.

Гьесул рагIабаздасан лъайкьеялъул, культураялъулгун спорталъул, диниял гIуцIабазда, мажгитазда хIинкъигьечIолъи чIезабиялъе гIемераб хIалтIи гьабуна, хIинкъигьечIолъиялъул паспортал хIадурана, киса-кирего видеокамераби лъуна.

Гьединго данделъиялда законалде данде кколареб къагIидаялъ ярагъ хIалтIизабунгутIиялъе гьабураб хIалтIул бицун кIалъана ОМВДялъул полициялъул начальник Ибрагьим Шапиев.

Гьелдаго цадахъ комиссиялъ Гуни росдал бетIер ХIабиб Юнусовасул ва Гертма росдал культураялъул рукъалъул директор Мусакай Юнусовасул *«2019-2023 соназ «Казбек район» муниципалияб гIуцIиялда терроризмалъул идеологиялде дандечIеялъе гьабураб комплексияб план»* тIубаялъул хIисабкьеялъухъ гIинтIамуна.

ХIажимурад Мусаевас лъикIаблъун рикIкIана гьеб рахъалъ Гуни росулъ гьабулеб хIалтIи ва гьеб хIалбихьи цогидал росабалъги тIибитIизабизе мустахIикъаблъун бихьизабуна.



КIалъазе рахъараз кьураб информациялъухъ гIинтIамун, комиссиялъ хIукму гьабуна 2022 соналъ АТКялъ гьабураб хIалтIуе гьоркьохъеб къимат кьезе.

Данделъиялъул ахиралда Б. Нуцаловас республикаялъулгун нилъер районалъул АТКязул хIукмаби бетIералде рахъинариялъе гьабураб хIалтIул бицана.

***Сеталъулаб издание «Салатавия»***

## Картошка гIезаби мурадалда...



Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасул буюрухъалдалъун, республикаялда картошка бекьиялъул кампания байбихьана.

Гьедин, районалъул администрациялъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул бихьизабиялда хадурги рильлъун, районалъул росдал магIишаталъул ракьаздаги байбихьана гьеб культура гIезабиялъул тIоцересел хIалтIаби гьаризе. Гьемерал сонал руго картошка гIезабиялъул рахъ нахъе ккаралдаса, гьанже республикаялъул даражаялда борхараб гьеб суал гIумруялде бахъинабиялъе жигараб хIалтIи гьабулеб буго районалъул магIишатаздаги.

УСХялъул бетIерав агроном ГI.ГIабдулатIиповас бицухъе, районалда картошка бекьизе 500 гектар ракьалъул бихьизабун буго.

Гьелдаса 45 гектар УСХялъул ракьал ккола:

ГУП «Дылымский»-10 гектар, «Хасаевасул ва Къасумовасул» СПК -5 гектар, «БагIараб Октябрь» СПК - 5 гектар, МУП «Хубар» - 5 гектар, «Гьудуллъи» СПК-10 гектар. Гьединго, Т. МухIамаднабиевасул (Паркьухъ), С. МухIамадовасул (ИП) - 5-5 гектар.

*- Районалда росдал магIишат цебетIезаби ва чIорого хутIарал ракьал хIалтIизари буго гьел хIалтIизабазул аслияб мурад,-ан абуна ГI. ГIабдулатIиповас.*

***МахIмуд ДавудхIажиев***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула
гъум. 2 ГьитIинаб халкъалъул кIудияв поэт
гъум. 3 ТIадаб налъи тIубалаго
гъум. 4 ТаравихIазул какал




# ГьитIинаб халкъалъул кIудияв поэт

***(байбихьи №11 номералда)***

Поэтасул машгьурал кочIол мухъал, дагьалго хиса-басиялги гьарун, дица абилаан:

*-Гуро, мискинаб гьечIо,*
*Гьудулзаби авар-мацI.*
*Гьедин абулез цIале*
*Расулил кучIдулилан.*

Расулил творчествоялъ, щаклъи гьечIого, дагьабги бечед гьабуна нилъер рахьдал мацI. Гьесул кинаб тIехь рагьаниги, гьенир нилъеда ратизе руго жавгьар–якъутлъун гвангъулел гIакъилалгун пасихIал рагIаби. Роржин хехал хIанчIи кинниги, гьесул тIахьал роржуна рикIкIен гIемерал миллатазухъе, гьезги кьола поэтасе къимат, борхалъизе гьабула къадру.

Расулица хъвалеб буго дунялалда бищунго ракIал гIатIидаллъун поэтал кколилан, щай абуни, гьез кьолин халкъалъухъе гьелъие хириябщинаб. Гьедин гьабуна Расулицаги. Гьес дунялалъе сайгъат гьабуна Дагъистан, Дагъисталъе-тIолабго дунялги. Поэтас рарал соназ гуреб гьесул гIумру борцунеб, гьеб борцуна гьесул творчествоялъул нухлул халалъиялъ. Гьеб нухда букIаралъул хIакъалъулъ дагьал мухъал хъвачIо шагIирас. Гьесул поэзиялъул нух гIатIидаб букIаниги, гьеб захIматаблъунги букIана. Чанги лъукъана гьесул ракI гьесие квешлъи бокьаразги мацIихъабазги. Къуркьичlо поэт гьезие, гьев бахIарчиго цевехун ана ва гьесул къалмикьан къватIире ана киналго асир гьарурал гьайбатал мухъал.

Гьесул творчествоялъ бечед гьабуна Дагъистаналъул гуребги литература. Гьелдаса нилъ рохаралги чIухIаралги руго, ва гьединаллъун рукIинеги ккола. Жакъа гьаниб рехсечIого рес гьечIо дунялалдаго цIар рагIарав поэтасул гIамал-хасияталъулъ ругел гIадатлъиги гIаданлъиги. Гьес киданиги живго рикIкIинчIо цогидаздаса тIадегIанавлъунги тIокIавлъунги, гьелъул гIаксалда, Расулица живго цогидазда ващадавлъун гьавулев вуго. Гьеб загьирлъула Расулил гьадинал мухъазулъ:

*Гьев тохтур -хирург вукIа,*
*ХIалтIухъан, шофёр вукIа,*
*Лётчик, мугIрул вехь вукIа,*
*Дида ракIалде ккола:*
*Дун гIадин, кинабго тун,*
*КучIдул хъвазе лъугьани,*
*Гьезги хъвазе букIана,*
*Пушкиница кинниги.*

Гьел мухъаз тасдикъ гьабула дица тIадехун рехсараб. Поэтасул творчествоялъулъ аслияб бакIазул цояблъун ккола гьес бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ хъварал асарал. Хасаб гвангъи, чвахи ва магIнадул гъварилъи буго ВатIаналъул рагъул бахIарзазул, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул бицунел асаразулъги. МагIаруласул бахIарчилъи бихьизабулеллъун ккола Расулица Хочбариде, Шамилиде, ХIажимурадиде ва цогидазде рахъарал асаралги.

Жакъасеб гвангъараб букIинеселъе гIоло рагъул авлахъазда хутIана Расулил кIудияв вацал: Ахильчи ва МухIамад. XX-абилеб гIасруялъул гIадамал ракълида рукIине ахIлеллъун лъугьана гьесул «Хиросима» ва «Къункъраби» кучIдулги.

Расулил творчествоялде, гIурхъи гьечIеб рокьи нилъер районалъул гIадамазул букIин бихьизабулеблъун ккола гьесул къункърабазе районалда лъураб памятникги. Дагьал кучIдул гьечIо Р. ХIамзатовасул магIарулазул гьоболлъиялъул, гIаданлъиялъул, гIакъиллъиялъул, ракIазул гIатIилъиялъул хIакъикъат бихьизабулелги.

Гьеб бихьизабула гьадинал мухъаз:

*- Къоло ункъо сагIаталъ*
*Бокьараб мехалъ рагье.., ялъуни:*
*- Росулъе щварав, гьобол,*
*Гьаб хIобода бараб цIал,*
*Росулъа унеб мехалъ,*
*БатIиялъуб бахъуге.*

Нилъеца гIемер цIалула ва рехсола Расулил кIиго, ункъо, микьго мухъилал кучIдулги. Гьенир гьес рагIаби рехсолел руго лъалъараздагьун бокалазда, кавабаздагьун нуцIбузда, заназда, гьанситоязда, пандуралгун тIамуразда, къолода, хонжрода, яргъида, нухазда, хъубузда, тIахьазда, ансадерил тIилазда ва цогидалги къайи-цIаялдагун алатазда хъвараллъунги гьарун. Гьеб ккола поэзиялъулъ шагIирас лъураб цIияб нухлъун, ва поэзиялъул борхалъуде рахине лъураб болъодул хIокIлъун. Гьесул эпиграммаби, элегияби, сонетал ва цогидалги асарал ккола поэзиялъул зодир кенчIолел цIвабилъун. Расулил творчествоялъул къучIалда эхетун руго памятникалги скульптурабиги. Гьел руго киса-кирего. РакIалде ккола гьединаб памятник районалда лъеялъул рахъ нилъер гIадамазги ккелилан.

Цоги, дие бокьун буго гьадинаб предложениеги районцоязда цебе бахъизе: *Киндай букIина Расул ХIамзатов нилъер районалъул ХIурматияв гражданинлъун гьавуни? Гьелда живго гьевги нуж киналгоги рази рукIинилан ккола.*

Жакъа Расулгун гьабулеб дандчIвай цого гьевгун гьабулеблъун кколаро, гьеб ккола тIолабго Дагъистаналъул, улкаялъул поэзиягун дандчIвай гьаби. Нилъ жакъа дандчIвалел руго поэзиялъул бархатго боржунеб цIумгун, гьелъул океаналда лъедолеб кIудияб гамагун.

Лъугьинаро дун Расулие кьурал цIаралги шапакъаталги рехсезе, щай гурелъул, гьел рехсезе ккани, тIубараб къо хIажалъула.

*ГIемер лъадай анани,*
*ГIеретI багьулин.*
*Халатаб хабаралъул*
*Пайдаги букIунарин.*

Изну кье дие, нилъ тIолазулго рахъалдасан, Расулие творчествоялъулъ гьаризе чIахIиял бергьенлъаби, халатал сапарал, щулияб рекIел кIутIи, кIутIбузда цIиял сариназул шуршуди.

Божилъи гьабизе Салатавиялъул жаниблъиялде жакъа къоялдаса гьасда нух къосунгутIиялда.

***ГIабдуразакъ ХIусейнов***

# Балугълъиялде рахинчIезул комиссиялда...

23 марталда, районалъул администрациялда гьелъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазовасул нухмалъиялда, балугълъиялде рахинчIезда гьоркьор ишал гьариялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъул данделъи тIобитIана.




Киназдаго лъала ахирияал соназ нилъер началихъалда балугълъиялде рахинчIезда гьоркьор жалго жидецаго гIумруялдаса ратIа гьариялъул хIужаби цIикIкIунел рукIин.

Гьелъ, комиссиялъул иргадулаб данделъиялде босун букIана ОМВДялъул, районалъул централияб библиотекаялъул, Ленинаул росдал №1ва №2 гьоркьохъел школазул хIалтIухъабаз, гьелда хурхун, тIоритIулел тадбиразда ва школазда ихтияразулгун маданияталъул кружокал гIуцIиялда хурхарал суалал.

Гьел суалазда тIасан кIалъана Малик Зубайриев (ОМВДялъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб ишал гьариялъул инспектор), Зульмира Адилмирзаева (централияб библиотекаялъул директор), Байгъиз Манапова ва Марьям Гьирисханова (Ленинаул росдал № 1 ва №2 гьоркьохъел школазул социалиял мугIалимзаби).

Ильяс Шабазовас жиндирго кIалъаялда абуна хасаб кIвар кьезе кколин гIумруялъул захIматаб ахIвал-хIалалде ккарал хъизабаздегун ва школа лъугIун экзаменал кьезе хIадурлъулел цIалдохъабазде.

Жиндирго кIалъаялда Малик Зубайриевас тIадчIей гьабуна лъайкьеялъул управлениялъ ОМВДялда лъималазда гьоркьор ккарал дагIбакъецазул ва цоцазда ричIчIунгутIиялъул хIужаби заманалда лъазабизе ккеялда. Балугълъиялда рахинчIезда гьоркьоб жалго-жидецаго гIумруялдаса ратIа гьариялъул хIужаби риччангутIиялъе лъикIаблъун букIина мугIалимзабазе, психологазе, ОМВДялъул хIалтIухъабазе малъиязул цадахъал тадбирал тIоритIани.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъарав ХIусейн Зубайриевас (лъайкьеялъул управлениялъул начальникасул заместитель) бицана: *«ГIумруялъулъ батIи-батIиял захIмалъабигун дандчIвалел ва гьезде дандекъеркьезе жидее цIакъго захIмалъулел цIалдохъабигун хIалтIулел руго цIалул гIуцIабазе, классазе нухмалъулел, социалиял мугIалимзаби, психологал, умумул ва ОМВДялъул инспекторал.*

*Лъималазе жидер ихтияразул бичIчIленкьеялъул кружокал хIалтIулел гьечIониги, школазда гIемераб хIалтIи гьабулеб буго цIалдохъаби законалъе мутIигIаллъун рукIинариялда тIад».*

Данделъи ахиралде щвана букIине кколеб къагIидаялда лъималазе тарбия кьоларел, гьезул цIалуда тIад чIоларел эбел-инсуда тIад гьарурал административиял протоколазул хал гьабиялдалъун.

# Наркоманиялде данде гIуцIараб комиссиялъул данделъиялда...

Районалъул администрациялда наркоманиялде данде къеркьеялъе гIуцIараб комиссиялъул данделъи тIобитIана. Гьеб нухда бачана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас.

Гьес наркоманиялде данде къеркьеялъе гьабулеб хIалтIул ва цере чIарал масъалабазул бицана. Киналниги лъайкьеялъул учреждениябазда ва рухIияб лъай кьолел мадрасазда лъимал наркотиказде цIаялъулъ бугеб ахIвал-хIалалъул, наркоманиялъул зараралъул ва гьебгун къеркьеялъул къагIидабазул бицана физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъулгун гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник Ибрагьим Булатхановас ва ОМВДялъул балугълъиялде рахинчIелгун хIалтIи гьабиялъул инспектор Малик Зубайриевас.




КIалъаязухъги гIинтIамун, комиссиялъ къотIи гьабуна:

- школазда ва мадрасазда гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи дагьалъги кьваризабизе, гьединго, гIолеб гIелалъул спорталде ва сахаватаб гIумруялде рокьи бижинабиялъе гьарулел тадбиразе цIикIкIараб кIвар кьезе;

- ОМВДялъул хIалтIухъабаз балугълъиялде рахинчIел лъималазе наркотикал, спирт гъорлъ ругел ва цогидалги гьезул сахлъиялъе зарал гьабулел жал ричулел тукабазул бетIергьаби тамихIалде цIазе.

ТIадвуссун, Б. Нуцаловас школазда гьеб рахъалъ гьабулеб хIалтIи гIей гьечIеб букIиналъул бицана ва кьварун лъазабуна районалда ругел киналниги лъайкьеялъул идарабаз гIолилазда гьоркьор рехсарал заралиял жалазде гьел ругьунлъунгутIиялъе, гьоркьоб къотIи гьечIого, нухда бачеян.

***«Салатавия» сетальулаб издание***

# Маданияталъул хIалтIухъанасул Къо кIодо гьабуна

Дагъал церегIан къояз ЦТКНРалда тIобитIана маданияталъул хIалтIухъанасул Къо кIодо гьабиялда хурхараб данделъи.

Гьенир гIахьаллъана районалъул администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель Ильяс Шабазов, аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатова, культураялъул отделалъул начальник Абубакар Ибрагьимов, харабазул Советалъул председатель Сайрудин НургIалиев, лъайкьеялъул управлениялъул начальникасул заместитель ХIусейн Зубайриев ва цогидалги.

Баркигун цеве вахъарав И.Шабазовас культураялъул рукъзабахъ тIобитIулеб хIалтIуе кIудияб къимат кьуна ва, районалъул бетIерасул рахъалдасан, искусствоялъул школалъул мугIалим Хатимат Палисултановалъе(Дилим), Рашидат Вагьабовалъе (Гуни, библиотека), Гертмаялъул культураялъул рукъалъул директор Мусакай Юну-



совасе ва Луиза ХIажимурадовалъе (Дубки поселок) Баркалаялъул кагътал кьуна. Гьединго лъайкьеялъул управлениялъул рахъалдасан, ХIурматалъул грамотаялдалъун, гьенив А.Ибрагьимовги кIодо гьавуна.

Цогидал кIалъазе рахъаразги культураялъул рукъзазул хIалтIухъабазе лъикIаб къимат кьуна. ЦТКНРалъул директор З.МухIамадовалъ байрамалде данделъаразе баркала загьир гьабуна.

Гьединал данделъаби тIоритIана районалъул цогидал росабалъги, баркиялдалъун кIодо гьаруна ва сайгъатал кьуна культураялъул хIалтIул ветеранazeги.

# «Дагъистаналъул гIолилал» газета-инвалидазе



Нилъер щивасда лъала ва бихьула, районалъул администрациялъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул районалъул инвалидазде гьабулеб бербалагьи.

Гьес хIаракат бахъулеб буго инвалидазе рекъарал ва хIажатал сурсатал чIезаризе.

Гьедин, рамазан моцIалъул хIурматалда, ХI.ХI. Мусаевас коляскаялда ругел инвалидазе жиндирго рахъалдасан «Дагъистаналъул гIолилал» абураб газеталъе лъагIалил подписка гьабуна.

Гьеб чIобого жив-жив коляскаялъулазухъе щвеялъул хIалтIи тIадбосун, ракIбацIцIадго тIубазабулеб буго районалъул бетIерасул жамгIияв кумекчи Муслим Эмечовас.

Жинца росабазул бегавулазухъе газета щвезе кколезул сияхI кьун бугоян бицана Муслимица. Жиб-жиб рокъобе гьеб щвезабиялъул иш гьезда тIадкъана.

*- ХI.ХI. Мусаевас инвалидазул гIумру бигьа гьабиялъе кIудияб кIвар кьола. Гьелъие хIадурараб программаги, ХIажимурад ХIажиевичгун дандбан, хIалтIизе биччазе буго,*-ян тIадеги жубана Муслимица.

Нилъер щивасда лъала, районалъул бетIерасул жамгIияв кумекчилъун тарлдаса, Муслим Эмечовас ракIбацIцIадго тIуразарулел руго жинда тIадкъарал ишал, гьев, къвал гурун, хIалтIулев вуго районалъул инвалидазул суалал рича-чваялда т Iад.

*«Дида ккола инвалидазул киналго хъулухъал тIуран бажаричIонаниги, районалъул бетIерасда цадахъ нижеда кIвелин гьезул дагьабниги хIажат тIубазе, ва гьединазул цояблъун ккола гьаб газета гьезухъе щвезаби. Гьанир руго гьезие пайдаял макъалаби ва цогидаб республикаялъул гIолилазда хурхараб информациягиги. Дица дирго рахъалдасанги хIаракат бахъила жиндир заманалда гьеб гьезухъе щолеб къа- гIида гьабизе»,*-ян абуна гьес ахиралдаги.

Нижеца нижерго рахъалдасан Муслимие, районалъул бетIерас тIадкъарал ишал тIуразаризе, гIагараб росдал ва районалъул жамгIияб хIалтIул рахъ цебетIезабизе хIал ва тавфикъ гьарула.

ТIолалго инвалидаз ХIажимурад Мусаевасе ракI-ракIалъулаб баркала ва жамгIиял ишазулъ гьесие хIалае рахьине жал кидаго хIадур рукIинги загьир гьабулеб буго.

***МахIмуд ДавудхIажиев***

# Умумузе ЕГЭ тIобитIана

25 марталда Дилим росдал гимназиялда тIобитIана тIолгороссиялъул *«Умумуз ЕГЭ кьеялъул къо»* цIаралда акция. Лъайкьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялда цебе гIуцIараб Федералияб халккквеялъул хъулухъалъ тIобитIараб гьеб тадбиралъулъ гIахьаллъана 20-ялдаса цIикIкIарав чи. Гьелъул мурадги умумузда экзамен кьеялъул хIакъикъат бихьизаби букIана.



Экзамен байбихьилалде, лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаевас акциялъул мурадгин масъалаби баян гьаруна. Гьес абуна: *«Жакъа нужер рес буго ЕГЭ ва ОГЭ кьеялъул къагIидабигун лъай-хъвай гьабизе. Кинабго гIуцIун буго хIакъикъияб экзаменалъул къагIидаялда. Рихьила гьенир кьун рукIунел тIадкъаял, ва нужеца гьел тIуразе хIалбихьила»,*-ян.

Гимназиялда гIуцIун бугеб 152-абилеб пункталъе нухмалъулев МухIамад ГъазимухIамадовасги жиндирго кIалъаялда абуна:

*«Ахириял соназ гьаб пункт республикаялдаго лъикIаллъун ругезул цояб ккола. Божи буго жакъаги гIурус мацIалъул экзамен гIуцIиялда, низам цIунун, нухда инин».*

Гьенибго МухIамадрасулица, лъайкьеялъул управлениялъул грамотабаздалъун, кIодо гьаруна пачалихъиял экзаменал гIуцIиялда тIоритIиялъе квербакъарал мугIалимзаби. Экзаменалдаса хадуб республикаялъул лъайкьеялъул министерствоялъул хIалтIухъабаз умумузе *«2023 соналда ЕГЭ кьеялъул хасльаби»* абураб темаялда конференция тIобитIана.

***Ибрагьим Идрисов***

# ТIадаб налъи тIубалаго



### Назим ХIажиханович ТIагьиров

гьавуна 1982 соналъ ИчкIа росулъ. 1999 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Назим лъугьана ДГПУялъул физикаялъул факультеталде. 2004 соналъ гьеб лъугIарав гьев тIадаб налъи тIубазе армиялде ана.

2005 соналъ, къотIи-къайги хъван, Назим рагъулаб хъулухъалде тIадвуссана. Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьарабго, Назимица хъулухъ гьабулеб къокъа операциялъулъ гIахьаллъизе битIана. Цо ккараб тунка-хIусиялъулъ Назим лъукъана ва, ругъун сахлъун хадусан, рагъулаб хъулухъалде тIадвуссана. Бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ Назим Суворовасул медалалдалъун кIодо гьавуна.

### Ибрагьим ГIабдулатIипович ГIумаров



гьавуна 1996 соналъ Гуни росулъ. 2014 соналъ росдал гимназия лъугIарав Ибрагьим лъугьана хасаб рагъулаб хIадурлъиялъул Воронеж шагьаралда бугеб рагъулабгун гьаваялъул академиялде.

Гьелдаса хадуб гьес жиндирго гIумру бухьинабуна рагъулаб хъулухъалда. ГьабсагIаталда Ибрагьимица гьабулеб хIалтIи жавабчилъи цIикIкIараблъун буго, щай абуни, гьес, гьужумалъ унел вертолётазул радиоэлектрониял алатал хIадур гьаризе ккола.

Жинда тIадкъараб иш ракIбацIцIад, бажаризабун тIубазабиялъухъ Ибрагьим, *«Рагъухъанлъиялъул бахIарчилъиялъухъ»* медалалдалъун, кIодо гьавуна.

### Салават Ниязбегович Султанов



гьавуна 1992 соналъ Гъозтала росулъ. Росдал школалда 9 классги лъугIизабун, Салават Хасавюрталъул ДОСААФалъул шофёрзаби хIадур гьарулел курсазде ана.

2012 соналъ гьев Россиялъул армиялъул михъилъе ахIана. 2014 соналъ, армиялдаса тIадвуссун хадув, къотIи-къайги хъван, Салават рагъулаб хъулухъалде тIадвуссана.

Гьес жиграб гIахьаллъи гьабуна Сириялда тIобитIараб рагъулаб операциялъулъги. Украиналда хасаб рагъулаб операция тIобитIизе байбихьарабго, гьес хъулухъ гьабулеб къокъа гьелъулъ гIахьаллъизе битIана.

Тунка-хIусиязулъ бихьизабураб тIокIлъиялъухъ командованиялъ Салават, *«Кавказалда терроризмалде дандечIеялъул операциялъул гIахьалчи», «Сириялда тIобитIараб операциялъул гIахьалчи», «Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ»* ва Жуковасул медалаздалъун, кIодо гьавуна.

***МухIамадгIазиз ХIамидов***

*Дин ва гIумру*

# ТаравихIазул какал

ТаравихIазул какал ккола тIадчIун гьаризе кколел суннатазул цояблъун. Гьел рала рамазан моцIалъ. Гьезул гIуж щола боголил как бан хадуб, разе бегьулеб заманги, рогьалил хъахIлъи биччазегIан, халат бахъуна. Гьезул тIаса бищараб гIуж байбихьула сардил ункъо бутIа гьабун, цо бутIа аралдаса.

Хасго хирияб буго, кьижун хадур тIадеги рахъун, разе. Амма киса- кибего гIадат билълъун буго, боголил как бан лъугIарабго, ратибатги бан, таравихIал разе байбихьулеб. ТаравихIазул какал кIи-кIи ракагIатккун 8 яги 20 ракагIат бала, щибаб кIиго ракагIат бан хадуб, саламги кьела.

Ният гьабула гьадин: *«Дица ният гьабуна таравихIазул суннатаб как базе»*. ТаравихIазул каказулъ Къуръан цIалани, чанго нухалъ хирияб буго. Къуръан, цебе лъунги, цIализе бегьула. Мажгиталде ине рес гьечIес рокъоб жамагIат гьабила, гьединги рес гьечIони, жинцаго рокъоб бала.

# ТаравихIазул какал ралеб къагIида

ТаравихIал разе байбихьула имамас: *«Ассалата жамигIагь» абиялдалъун. Имамас гьедин абун хадуб, киназго цадахъ абула: «Ла хIавла ва ла къуввата илла биллагь. Аллагьумма салли гIала МухIаммадин ва гIала али МухIаммадин ва саллим. Аллагьумма инна насъалукал жанната ва нагIузубика мина ннар»*- абун.

Гьединги абун тIаде рахъуна таравихIазул тIоцебесеб кIиго ракагIат базе. Гьебго жо цIалула 1, 3, 5, 7 ва 9 как бан хадубги, ай 2, 6, 10, 14, 18 ракагIат бан хадуб.

КIиабилеб, ункъабилеб, анлъабилеб, микьабилеб ва анцIабилеб как бан хадуб, ай ункъо, микьго, анцIила кIиго, анцIила анлъго ва къого ракагIат бан хадуб, киназго цадахъ лъаб-лъаб нухалъ гьадинги абила: *«СубхIаналлагьи валь хIамду лиллагьи ва ла илагьа илла ллагьу валлагьу акбар. СубхIана ллагьи гIадада халкъигьи ва ризаа нафсигьи ва зината Паршигьи ва мидада калиматигь»*-абун.

Гьедин лъабго нухалъ абун бахъарабго, имамас *«Ассалата жамигIагь»* - ян абула, ва киназго цадахъ цо нухалъ церехун рехсарал «**Ла хIавла ва ла къуввата илла биллагь...»**,- абурал азкаралги цIалула, ахиралде щвезегIан.

ТаравихIазул какал ран лъугIидал, витруги бала. Витру бан бахъарабго, киназго цадахъ кIиго нухалъ абила: *«СубхIаналь маликил къуддус»*- абун. Хадуб киназго, дагьаб гьаракьги борхун, абила: *«СубхIаналлагьил маликил къуддус»*. Хадубги киназго абила: *«СуббухIун къуддус Рабуль малаикати ва руххI. СубхIана ман тIагIаззаза биль къудрати валь бакъаъ ва къагьгьараль гIибада бильмавти валь фанаъ. СубхIана раббика раббиль гIиззати гIамма йасифун ва саламун гIалаль мурсалина вальхIамду лиллагьи раббиль гIаламин»*-абун.

Хадуб лъабцIул абила: **"Ла илагьа илла анта субхIанака инни куну мина ззалимина."**

Цинги витруялъул какда хадуб, гьабулеб дугIаги гьабила. Гьемерал бакIазда таравихIазул какал цIакъ гIедегIизарун рала, гьебги какун буго шаргIалъул тIахьазда. Гьел разе ккола *«Важжагьтуги» «Кама салайтаги»* цIалун, къула-рахъиналъул тасбихIалги гьарун, гIедегIичIого, гIодоре риччан.

Рамазан моцIалъул кIиабилеб бащалъиялда, таравихIазул какал ран лъугIун, витруялда *«Магьдинаги»* цIализе суннатаб буго.

Рамазан моцIалъ гьабураб лъикIаб гIамалалъул кириги цIикIкIунелъул, хасго сардилъ рарал таравихIазул каказул кириги цIикIкIараб щолелъул, лъагIалида жаниб цо моцIалъ ралел какалги ругелъул, хIаракат бахъе гьеб кIудияб давла борчIизе биччангутIизе. ТаравихIал разе тIаме рукъалъул агьлуги.

Мажгиталде ине щолеб гьечIони, гьел рокъорго рала, жамагIат гьабун.

***Исламияб календаралдаса босараб***

# Къимат кIудияб кьуна

Гьаб хирияб рамазан моцIалъ кирго тIоритIулел руго ифтарал. МахIачхъалаялда балеб бугеб рухIияб Централдаги гьел, жиб-жиб районалъе къо чIезабун, тIоритIулел руго. Гьенир гIахьаллъаразе бугеб кириялъул бицун хIалкIоларо, гьеб лъаларев чиги ватиларо.

Республикаялъул муфтияталъул гьариялдалъун ва районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул рахъккевялдалъун, щибаб районалъул ифтаралда, МухIамад Дудуевас бетIерлъи гьабулеб 25-ялдаса цIикIкIарав гIахьалчи вугеб районалъул халкъияб театралъул цереракъиналги рукIине руго. Гьел ккола МухIамадица махщалида хIадур гьарурал, нилъер аварагасул (с.гI.в.с.) гIумруялда хурхарал театралиял постановкаби.

Гьанжеялде нилъер театралъул постановкабазе Гьизилюрт, ЦIумада, Хунзахъ ва цогидалги районаздаса республикаялъулаб ифтаралъул гIахьалчагIаз, рухIиял церехъабаз хасгьабун жив-живасе баркала ва махщалида хIаялъе кIудияб къимат кьуна. Узухъда, киназего рекIее гIун буго УхIуд магIарда ккарал рагъазул хIакъалъулъ бихьизабураб гьитIинабго бутIа. Актеразул хIаялъги гьезул партаалъги битIахъе аварагасул (с.гI.в.с.) заманалъул тарихалде рачана балагьарал ва кIочонареб асар гьабуна.

14 апрелалда рухIияб Централда нилъер районалъул кIудияб ифтар тIобитIизе буго. Гьениб бихьизабизе МухIамадица хIадурулеб буго цIияб постановка, ва ифтар тIадегIанаб даражаялда иналъе киналго жавабияз хIаракат бахъулебги буго.

Гьелъул хIакъалъулъ мухIканго нижеца хадуб хъвала.

***Динара Батиева***

# Ространснадзор РД информирует...

## «Нарушение режима труда и отдыха водителей автобусов приводит к ДТП»

Анализ дорожно-транспортных происшествий на автодорогах Республики Дагестан с участием автобусов в 2022 году показывает, что причиной большинства из них является нарушение режима труда и отдыха водителями, сообщили информагентству в территориальном отделе государственного автодорожного надзора по Дагестану МТУ Ространснадзор по СКФО.

«В целях контроля режима труда и отдыха водителями владелец обязан оснащать транспортные средства категорий М2 и М3, осуществляющие регулярные перевозки пассажиров на пригородных и междугородных маршрутах, контрольными устройствами-тахографами»,-говорится в сообщении.

Отмечается, что соблюдение режима труда и отдыха регламентируются Трудовым кодексом (ст. 329), положением о лицензировании деятельности по перевозкам пассажиров и иных лиц автобусами, особенностями режима рабочего времени и времени отдыха, условий труда водителей, утвержденными Приказом Минтранса России. Постановлением Правительства России оснащение транспортных средств, осуществляющих регулярные перевозки пассажиров на городских маршрутах, предусмотрено с 01 апреля 2023 г.

За управление транспортным средством или выпуск на линию транспортного средства без тахографа, несоблюдение норм времени управления транспортным средством и отдыха либо нарушение режима труда и отдыха водителей предусмотрен штраф до 50 тыс. руб.

Перевозка пассажиров без контрольного устройства-тахографа, с нарушением режима труда и отдыха является нарушением лицензионных требований, которое повлечет за собой административный штраф до 100 тыс. рублей, а в случае ДТП с человеческими жертвами - вплоть до приостановления деятельности и привлечения к уголовной ответственности по ст. 238 и 264 УК РФ.

# ГИБДД информирует...

## Акция «Внимание-дети!»

Несовершеннолетние дети, участвующие в дорожном движении в качестве пассажиров и пешеходов, являются самой уязвимой категорией участников дорожного движения. Анализ, складывающейся ситуации с детским дорожно-транспортным травматизмом, свидетельствует о необходимости координации и взаимодействия образовательных учреждений, правоохранительных органов, родительских комитетов и иных заинтересованных организаций усиления работы по воспитанию грамотных участников дорожного движения.

В целях активизации работы по профилактике детского дорожно-транспортного травматизма и обеспечения безопасности несовершеннолетних на территории обслуживания, отделение ГИБДД, с 24 марта по 3 апреля 2023 года, на территории района будет проводить 1-й этап профилактической акции «Внимание -Дети!».

В рамках этого мероприятия предусмотрено проведение классных часов, «круглых столов», семинаров с участием воспитателей, педагогов-психологов, преподавателей, занимающихся обучением детей навыкам безопасного поведения на улицах и дорогах. На заседаниях родительских комитетов и родительских собраниях пройдет обсуждение вопросов по профилактике и предупреждению детского дорожно-транспортного травматизма. В рамках мероприятия «Внимание-дети!» также пройдет инспектирование образовательных учреждений района сотрудниками ГИБДД, и проверки наличия недостатков в содержании улично-дорожной сети вблизи образовательных учреждений района.

Отделение ГИБДД напоминает всем водителям транспортных средств, что в период каникул на улицах района увеличится количество юных пешеходов, как в дневное, так и вечернее время суток и поэтому просим водителей автотранспортных средств, быть предельно внимательными при проезде пешеходных переходов, остановок общественного транспорта и мест расположения детских образовательных учреждений.

Также рекомендуем родителям дополнительно провести со своими детьми разъяснительные беседы по правилам перехода проезжей части и основам безопасности на дорогах.

***Сохраните жизнь детям!***

Мусашайих Пазаевасул спортшколалъул хIалтIухъабаз ва гьудул-гьалмагъзабаз гьваридаб пашманлъиялда зигара балеб буго МухIамадов МухIамадида, эмен

**Къурбан**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан.

Аллагьас гьев Алжаналъул агьлулъун гьавеги.

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева, М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:** М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523, багьа-эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола